



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE PWOJÈ LWA POU RANFÒSE DEMOKRASI AK PWOTEJE DWA VÒT**

*Lejislasyon (S. 6195/A.1177), lejislasyon (S. 5984-A/A. 6132-A), lejislasyon (S. 6519-A/A. 1565-A) ak lejislasyon (S. 7394-A/A. 7632-A) ranfòse pratik vòt antisipe yo*

*Lejislasyon (S. 5965-A/A. 4009-A), lejislasyon (S. 587/A. 268), ak lejislasyon (S. 1733-A/A. 5180-A) ak lejislasyon (S. 7550/A. 7690) amelyore edikasyon elektoral*

*Lejislasyon (S. 350/A. 5874) ak lejislasyon (S. 438/A. 928) pwoteje vòt nouyòkè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou ranfòse demokrasi ak pwoteje dwa vòt nan Eta New York. Pake lejislatif sa a chita sou efò kontinyèl Eta New York ap fè pou amelyore ak pwoteje aksè ak bwat bilten pou tout Nouyòkè yo, ki gen ladan l lwa sou dwa vòt John R. Lewis nan New York ane pase a, ki se lwa sou dwa vòt nan nivo eta a ki pi elaji nan peyi a.

"Lè nou pwoteje entegrite pwosesis elektoral nou an epi asire aksè egal nan bwat bilten an, nou ekipe chak Nouyòkè pou yo tande vwa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York rete angaje pou ranfòse pwosesis demokratik nou an, defann dwa pou vote pou chak sitwayen epi solidifye plas nou kòm yon lidè nasyonal nan dwa vòt."

"Dwa vote se fondman demokrasi nou an epi nenpòt efò pou limite dwa sa a se yon atak sou libète nou", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "New York fyè dèske li se yon lidè nan pwoteje dwa pou vote, pou asire Nouyòkè yo gen chans pou yo fè tande vwa yo epi fè konnen opinyon yo."

**Ranfòse pratik vòt antisipe yo**

Lejislasyon (S. 6195/A.1177) pèmèt yo konte bilten vòt absan yo si yo te anrejistre yo epi si yo pa montre okenn siy manipilasyon.

Lejislasyon (S. 5984-A/A. 6132-A) kreye yon "Golden Day" (Jounen Lò) nan premye jou peryòd vòt antisipe a lè Nouyòkè yo ka enskri pou vote epi vote nan biwo vòt yo nan menm jou a.

**Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare,** "Refòm nan pake sa a—ki gen ladan pwojè lwa mwen yo pou rann li pi fasil pou enskri ak patisipe nan vòt antisipe—bati sou siksè nou nan dènye ane yo nan ogmante anpil aksè Nouyòkè yo nan vòt ak amelyore dramatikman prèske tout aspè nan fason nou administre eleksyon yo. Mwen fyè pou m sipòte pakè sa a epi mwen felisite ak remèsye Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, Lidè Adjwen Michael Gianaris, Prezidan Eleksyon Zellnor Myrie ak Latrice Walker, Esponnsò Asanble a JoAnne Simon ak Robert Carroll, ak tout moun k ap defann demokrasi parèy nou yo ak kòlèg nou yo nan gouvènman an, epi asireman Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip fèm li sou sa a ak nan anpil lòt pwoblèm."

**Manm Asanble Robert Carroll te deklare,** "Youn nan priyorite lejislatif mwen yo antanke Manm Asanble Eta a te toujou asire ke New York suiv meyè pratik ki etabli pou pèmèt chak elektè nan eta a gen mekanis apwopriye pou egzèse dwa yo pou yo vote. Pwojè lwa sa a baze sou lejislasyon anvan mwen an pou refòme lwa vòt demode New York yo epi li bay yon plan pou plis amelyorasyon alavni. Mwen kontan wè Gouvènè Hochul ap siyen pwojè lwa sa a pou l vin yon lwa."

Lejislasyon (S. 6519-A/A. 1565-A) etabli yon dat limit pou chanje lokal yon biwo vòt pou yon peryòd vòt antisipe.

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** "Aksè nan bwat bilten vòt la se youn nan dwa ki pi fondamantal nou genyen kòm sitwayen, se poutèt sa New York ap trase wout la nan rann li pi fasil pou moun enskri, vote, epi konte vòt sa a. Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa mwen an pou asire ke votè yo enfòme sou chanjman ki fèt nan biwo vòt antisipe yo alè. Elektè mwen yo te fristre paske yo pa te enfòme davans sou chanjman sit biwo vòt yo, kidonk nouvo lwa sa a te dwe rive deja. Moun ki gen andikap yo an patikilye kontinye ap fè fas a defi paske vas majorite biwo vòt yo pa aksesib nèt epi yo bezwen enfòmasyon alè pou akomode bezwen inik pou vwayaj ak aksè pa yo."

Lejislasyon (S. 7394-A/A. 7632-A) etabli yon sistèm pou vòt antisipe pa lapòs. Lejislasyon sa a pral kreye yon pwosesis k ap pèmèt tout elektè Eta New York ki elijib ki anrejistre yo gen opòtinite pou yo vote yonfason antisipe pa lapòs anvan yon eleksyon. Y ap devlope yon nouvo pwosesis aplikasyon pou fasilite demann votè yo pou bilten vòt pa lapòs antisipe yo dapre lejislasyon sa a. Votè yo pral kapab mande bilten vòt pa lapòs jiska dis jou anvan eleksyon kote yo ta renmen vote yon fason antisipe pa lapòs; Komisyon eleksyon yo pral bay tout elektè ki elijib ak anrejistre yo bilten vòt pa lapòs ak anvlòp retou afranchi. Answit, bilten vòt pa lapòs antisipe yo dwe voye pa lapòs bay komite eleksyon ki apwopriye a pa pita pase jou eleksyon an, epi konsèy la dwe resevwa l pa pita pase sèt jou apre jou eleksyon an. Lejislasyon sa a reprezante yon ekspansyon enpòtan nan aksè ak bilten vòt nan Eta New York, epi li pral bay plizyè milyon elektè New York yon mwayen fasil, san danje epi an sekirite pou vote antisipe yo pa lapòs.

**Chèf Adjwen Majorite Sena Eta, Michael Gianaris, te deklare,** "Vote se yon dwa fondamantal epi plis nou fè li vin pi fasil pou vote, demokrasi nou an ap vin an sante.

Mwen fyè, Gouvènè a te siyen pwojè lwa sa yo pandan n ap kontinye bati sou travay enpòtan nou an pou ogmante aksè ak bwat bilten pou tout Nouyòkè yo."

**Manm Asanble Karines Reyes te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te franchi etap solid ak monimantal sa a nan elaji aksè ak bwat bilten vòt la. Demokrasi nou an nourri ak ranfòse lè sitwayen yo gen aksè fasil a vòt. Lè nou pèmèt elektè yo voye vòt yo pa lapòs, nou retire yon baryè enpòtan ke vòtè yo fè fas ak li pou yo tande vwa yo: kreye tan pou yo ale fizikman nan biwo vòt espesifik yo epi vote. New York pral rantre nan koral 35 lòt eta yo ki bay vòtè yo opsyon enpòtan sa a pou yo anrejistre vwa yo nan eta nou an ak nan zafè li yo. Mwen vle remèsye Senatè Gianaris, kòlèg mwen yo nan Lejislati a ak defansè dwa vòt yo ki te ede fè gwo jou sa a vin posib."

### **Amelyore Edikasyon Elektoral**

Lejislasyon (S. 5965-A/A. 4009-A) egzije prizon lokal yo bay enfòmasyon sou enskripsyon elektè yo bay moun ki gen laj pou vote yo ki soti nan yon etablisman koreksyonèl lokal.

**Senatè Et a, Jamaal T. Bailey, te deklare,** "Dwa vote a te nan kè tout pwogrè nan batay pou libète ak jistis atravè listwa nasyon nou an. Vòt nou an se pouvwa nou, epi mwen fyè pou m patwone lejislasyon sa a ansanm ak Manm Asanble Eddie Gibbs pou asire ke chak Nouyòkè, kèlkeswa pase yo, gen pouvwa pou egzèse dwa fondamantal sa a. Pandan ke eta nou an te fè anpil pwogrè pou amelyore aksè ak bilten vòt yo, nou dwe toujou konfwonte baryè ki egziste yo ki anpeche moun patisipe totalman nan pwosesis demokratik la epi sèvi ak pouvwa vòt yo. Lè li asire Nouyòkè ki enplike nan lajistis yo enfòme sou dwa vòt yo, lejislasyon sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou mete fen nan privasyon moun ki te nan prizon anvan yo epi korije enjistis sistematik ki te majinalize kominote Nwa ak Mawon yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Mwen vle remèsye Manm Asanble Eddie Gibbs, kepakou pèsonèl ak lidèchip li te jwe yon wòl enpòtan nan defann lejislasyon sa a nan Asanble a. Mwen vle remèsye tou Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen lwa sa a ak Lidè Majorite Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo pou angajman yo genyen anvè yon demokrasi ki pi ekitab ak pi enklizif."

**Manm Asanble Eddie Gibbs, te deklare,** "Antanke premye gason ki te nan prizon ki te sèvi nan biwo piblik nan Eta New York, ak nenpòt gouvènman eta nan Etazini, lwa sa a nan kè mwen. Dènyèman, mwen te pèdi de nan fa ki pi enfliyan nan lavi m - bèl manman m Valerie Gibbs, ak pitit fi adore mwen Ariel Gibbs. Lanmou ak fòs alafwa manman m ak pitit fi m te kenbe m sen ak konsantre depi m lè mwen lakay mwen, epi chak jou, m fè efò pou m viv dwat epi onore memwa yo atravè sèvis piblik mwen an. Nouvo lwa sa a se yon travay lanmou pou chak moun ki te tounen lakay yo ak yon kè ki chanje, men ki te sèlman bezwen yon opòtinite ak aksè ak resous pou chanje lavi yo. Angajman sivik ak restorasyon dwa vòt se yon etap kle nan chanjman sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, Lidè Majorite Stewart-Cousins, frè m nan gouvènman an ak nan lavi m, Senatè Bailey, kòlèg mwen, zanmi, alye yo, ak tout ekip mwen an paske yo isit la jodi a."

Lejislasyon (S. 587/A.268) egzije Konsèy Eleksyon Eta New York la pou devlope epi bay yon pwogram fòmasyon pou travayè biwo vòt yo.

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare,** "Eleksyon nou yo enpòtan anpil pou patisipasyon kontinyè ak siksè demokrasi nou an. Lè nou byen prepare travayè biwo vòt yo nan tout eta a sou fason pou pi byen sèvi popilasyon vas ak divèsifye nou an, nou ka diminye anpil nan baryè komen yo rankontre jou eleksyon an ki ta ka dekouraje Nouyòkè yo pou yo egzèse dwa yo pou yo vote. Mwen gen konfyans ogmantasyon yon estanda nan tout eta a sou fòmasyon travayè biwo vòt non-patizan nou yo atravè lejislasyon pa mwen menm ak Manm Asanble Latrice Walker ap reyalize sa, epi mwen se yon onè paske Gouvènè Kathy Hochul pataje vizyon sa a jodi a pandan l ap siyen pwojè lwa nou an."

**Manm Asanble Latrice Walker te deklare,** "Avèk pake pwojè lwa sa a, Eta New York te elaji dwa vòt yo, pandan ke lòt eta ap fè restriksyon aktivman sou yo. Nou te elaji dwa vòt ankò nan Empire State la, pandan ke kèk moun nan Washington toujou refize aji. Nou te di li isit la jodi a – ak yon sèl vwa – ke chak vòt nan Eta New York konte. Sa se yon bagay pou selebre. Eta New York te onore ankò eritaj defen Depite John R. Lewis, ki te di yon fwa, 'Vòt la presye. Li prèske sakre. Se zouti ki pa vyolan ki pi pwisan nou genyen nan yon demokrasi.' Mèsi kamarad lejislètè m yo pou angajman nou genyen pou ogmante aksè ak bilten vòt la. Epi, asireman, mèsi Gouvènè. Kathy Hochul pou lidèchip li."

Lejislasyon (S. 1733-A/A.5180-A) egzije konsèy edikasyon lokal yo, BOCES, lekèl endepandan yo ak lekòl ki pa piblik yo pou yo adopte règleman pou ankouraje enskripsyon ak pre-enskripsyon elèv yo sou lis elektoral la.

**Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li pou ranfòse avni demokrasi nou an nan Eta New York nan siyen pake lejislatif sa a, ki gen ladan lwa mwen an pou etabli yon pwogram enskripsyon ak pre-enskripsyon lekòl yo sou lis elektoral la. Li enpòtan pou avni demokrasi nou an pou timoun ak jèn adilt yo aprann abitud ak enpòtans angajman sivik epi ankouraje yo patisipe totalman nan demokrasi nou an. Mwen remèsye Manm Asanble Monica Wallace pou patenarya li sou lwa enpòtan sa a, kòlèg mwen yo pou angajman pataje yo pou amelyore sistèm elektoral la, ak Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen chak pati lejislasyon pou vin tounen yon lwa."

**Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Yon demokrasi solid mande pou tout moun patisipasyon yon fason solid. Pwojè lwa sa a pral ede asire jèn yo pare pou vote pli vit posib depi yo kalifye. Mwen remèsye kòlèg mwen Senatè Shelley Mayer paske li te pote pwojè lwa sa a nan Sena a epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon enpòtan sa a."

Lejislasyon (S. 7550/A. 7690) pwograme Eleksyon Prezidansyèl Prensipal la pou 2 Avril 2024.

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare,** "New York se yon pi bon plas kote plis moun vote, epi lejislasyon ki siyen an lwa jodi a pral ede fè konte vòt yo epi ogmante to patisipasyon nan eleksyon yo. Majorite Asanble a pral kontinye travay ak patnè nou yo nan gouvènman an pou pwoteje demokrasi nou an epi asire chak elektè ki elijib gen opòtinite pou vote yo epi pou yo konte vòt yo."

### **Pwoteje Vòt Nouyòkè yo**

Lejislasyon (S. 350/A. 5874) entèdi "rekou tribinal" (forum shopping) nan defi konstitisyonèl yo pou ka eleksyon yo.

**Senatè Eta Robert Jackson te deklare,** "Pèzève kè demokrasi nou an se devwa nou, epi avèk pwojè lwa S350 mwen an, n ap mete fen nan jwèt lwa eleksyon an epi asire ke yo tande tout vwa. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen lwa enpòtan sa a. Nou pa jis adopte lwa - nou ap fòtifye miray entegrite yo, asire eleksyon yo deside pa pèp la, pou se pa jwèt patizan."

Lejislasyon (S. 438/A. 928) entèdi "elektè enfidèl" afekte rezilta yon eleksyon prezidansyèl. New York gen 29 vòt elektoral ki ale nan kandida prezidansyèl ki resevwa pi gwo kantite vòt nan eta a. Sepandan, moun yo chwazi kòm manm Kolèj Elektoral la kapab ranvèse demokrasi a – epi yo fè sa – lè yo voye vòt elektoral yo pou yon kandida ki pa genyen pi gwo kantite vòt. Dapre nouvo lwa sa a, elektè vwayou ki eseye meprize volonte pèp la pral oblije demisyone.

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Lè swadizan 'elektè enfidèl yo' mete pwa yo deyè yon kandida diferan pase youn elektè yo te chwazi a, sa afebli pwosesis demokratik ki pi esansyèl nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li siyen sa a ak anpil lòt mezi enpòtan jodi a, pou pwoteje eleksyon lib epi ki jis Nouyòkè yo merite."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare,** "Demokrasi nou an anba atak. Se nou ki pou prezève li lè nou asire ke vòt chak moun yo konte jan li te gen entansyon an. Nan sa ki gwnou wè ak eleksyon prezidansyèl nan Eta New York, sa vle di ke kandida ki jwenn plis vòt pou prezidan an finallman resevwa *tout* vòt kolèj elektoral New York la. Nouvo lwa sa a pral entèdi fo elektè yo pou New York fè pati pa l pou pwoteje demokrasi Etazini an ki vin pi frajil la."

**Direktè Egzekitif Common Cause (Koz Komen) New York la, Susan Lerner, te deklare,** "Jodi a, New York fè franchi yon gwo etap pou pi devan nan bay dwa pou vote pou plis Nouyòkè gras ak lidèchip solid Gouvènè Kathy Hochul ak Lejislati eta a. Pake pwojè lwa pwovotè sa yo pral ede fòme travayè biwo vòt yo, fasilite enskripsyon elektè pou elèv yo ak Nouyòkè ki nan prizon yo, garanti plis kantite vòt, epi pèmèt Nouyòkè yo vote pa lapòs. Nou konnen vòt pa lapòs mache: New York te itilize li avèk siksè an 2020 lè li te fè fas ak pandemi COVID-19 la. Antanke yon òganizasyon dwa vòt non-patizan ak plizyè deseni eksperyans, Common Cause/NY konnen ke non sèlman sa a absoliman legal dapre konstitisyon nou an, men tou sa se bon refòm pou New York adopte."

**Joanna Zdanys, Konseye Prensipal Sant Brennan pou Jistis, Eleksyon ak Pwogram Gouvènman an, te deklare,** "Sant Brennan pou Jistis (Brennan Center for Justice) la bat bravo pou lidè eta nou yo pou angajman kontinyèl yo pou modènize vòt ak administrasyon eleksyon yo nan Eta New York. Lejislasyon bon sans Gouvènè Hochul te adopte jodi a pral ranfòse demokrasi eta nou an nan amelyore fòmasyon travayè biwo vòt yo epi fasilite enskripsyon elektè yo. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li siyen refòm enpòtan sa yo pou yo vin lwa. New York kontinye fè pwogrè enpòtan nan non votè li yo, epi nou ankouraje lidè nou yo nan Albany pou yo kontinye goumen pou demokrasi nou an."

**Laura Ladd Bierman, ki se Direktris Egzekitif Lig Elektè Fanm yo nan Eta New York (League of Women Voters of New York State), te deklare,** "Lig la kontan dèske Gouvènè a ap siyen pake pwojè lwa ki gen rapò ak eleksyon an ki pral fasilite aksè pi fasil pou tout Nouyòkè yo vote. Pèmèt tout votè yo gen vòt yo konte se yon bagay ki enpòtan pou ranfòse demokrasi nou an. Nou bat bravo pou Lejislati a ki adopte pwojè lwa sa yo epi kounye a ak Gouvènè a k ap siyen sa yo an lwa."

**Blair Horner, Direktè Egzekitif Gwoup Rechè pou Enterè Piblik New York, te deklare,** "NYPIRG bat bravo pou apwobasyon lwa enpòtan Gouvènè Hochul la pou ranfòse lwa votè New York yo. Tou dènyèmman, yo te konsidere New York an reta sou plan nasyonal nan sa ki gen pou wè ak enskri ak edike votè yo. Avèk apwobasyon pwojè lwa enpòtan sa yo, New York kontinye mach li pou koresponn ak pi bon pratik eleksyon nasyon an."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)